# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–21 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

सबके लिये योग थीमि पर दसवां अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस आजु प्रदेस के सथहीं देस भर में पुरहर उछाह के साथे मनावल गइल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु भिन्नहीं कश्मीर के डल झीलि के किनारे लोगिन के साथे योगाभ्यास कइलें। ओहीं, प्रदेस के सज्जो जिलन में भिन्नहियें छौ बजे से योग सिविरन में प्रदेस सरकार क मंत्री, जनप्रतिनिधि आ सीनियर अधिकारी आम लोगिन के साथे योगाभ्यास कइलें। लखनऊ के राजभवन में राज्यपाल आनंदीबेन पटेल अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के सथहीं ढेरि संख्या में लोगि प्रणायाम, ध्यान अउर योग क अभ्यास कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि योग सज्जो मानवता के कल्याण क रास्ता देखावे ला। उहां के कहलीं कि हम सब अपने बिरासति के यादि करत भारत क ऋषि परम्परा के प्रति सरधा जता रहल हईं। मुख्यमंत्री कहलें कि ई मौका प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के विजन अउर कोसिस से मिलल हौ अउर पौने दुइ सौ देस अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस मनाव रहल हवें।

उहां के कहलीं कि योग सम्पूर्ण विद्या हौ जवन हम्मन के सारीरिक अउर मानसिक तौर से एकजुट करे ला एके दिनचर्या क हिस्सा बनावे के चाही। राजभवन में प्रदेस क मुख्य सचिव दुर्गा शंकर मिश्र, प्रमुख सचिव आयुष लीना जौहरी, प्रमुख सचिव सूचना संजय प्रसाद के सथहीं कई अधिकारी अउर योग साधक सामिल भइलें। प्रयागराज में उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य, गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में वित्तमंत्री सुरेश खन्ना, बनारस में ऊर्जा मंत्री ए के शर्मा, संतकबीर नगर में राज्यमंत्री विजय लक्ष्मी गौतम अउर बस्ती में कैबिनेट मंत्री राकेश सचान अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस के कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। आजमगढ़ में केन्द्रीय संचार ब्यूरों, सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय के क्षेत्रीय कार्यालय के ओरि से सर्वदेव आयुर्वेदिक मेडिकल कॉलेज में संगोस्ठी अउर प्रस्नोत्तरी प्रतियोगिता आयोजित कइल गइल। देउरिया, कुशीनगर, महराजगंज, बलिया, जौनपुर, अउर सिद्धार्थनगर जिलनो में योग दिवस पर कई कार्यक्रम आयोजित कइल गइल।

**********

प्रदेस सरकार धर्म नगरी अजोध्या अउर तीर्थराज प्रयाग में अतिथि गृह क निरमाण कराई। आजु लखनऊ में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुन्नो जगहिनि पर बने वाला अतिथि गृह क ले आउट, सुविधा अउर साज–सज्जा के बारे में प्रस्तुतिकरण के देखलें। बइठकी में मुख्यमंत्री कहलें कि श्रीराम जनमभूमि बनले के बाद अजोध्या में राष्ट्रपति, प्रधानमंत्री के अलावा देस दुनिया से तमाम बिसिस्ट अतिथि आवे लें। इनके रहे बदे सुरक्षा अउर सुविधा क उच्च मानक क अतिथि गृह क जरूरति हौ। एकर प्रक्रिया जल्दी से जल्दी सुरू कइल जाव। उहां के कहलीं कि अजोध्या में सरजू नदी के किनारे पर्यटन विभाग क जमीनि सही रही। एहां मुख्यमंत्री के बतावल गइल कि प्रयागराज में बने वाला अतिथि गृह महर्षि दयानन्द राहि पर होई।

**********

प्रदेस क ऊर्जा मंत्री ए.के. शर्मा कहले हवें कि पूरा प्रदेस में मांग के हिसाबि से बिजुली दीहल जा रहल हौ। विद्युत विभाग के अधिकारियन के साथे एगो समीक्षा बइठकी मे उहां के बतवलीं कि येह बरिस बिजुली क मांगि दस फीसदी बढ़ल हौ। बाद में पत्रकारन से बतियावत उहां के कहलीं कि बिजुली विभाग क कोसिस लगतारे बिजुली आपूर्ति क हौ। एहमें हर तरह क समेस्या क समाधान तेजी से कइल जा रहल हौ।

**********

गोरखपुर जंक्सन रेलवे स्टेसन क प्लेटफारम पर निरमाण कार के नाते गोरखपुर–वाराणसी सिटी एक्सप्रेस के सथहीं चारि ट्रेन कई तिथियन में निरस्त रही जबकि आठ गो ट्रेन राहि में रोकि के चलावल जाई। पूर्वोत्तर रेलवे क मुख्य जनसम्पर्क अधिकारी पंकज कुमार सिंह के मोताबिक गोरखपुर–वाराणसी इंटरसिटी एक्सप्रेस तेइस जून से सात जुलाई ले अउर वाराणसी सिटी–गोरखपुर एक्सप्रेस बाइस जून से छौ जुलाई ले निरस्त रही।

**********

गरमी के देखत गोरखपुर चिड़ियाघर के समय में आजु से बदलाव कइल गइल हौ। चिड़ियाघर क निदेसक विकास यादव के हिसाबि से अब चिड़ियाघर क टिकट खिड़की भिन्नहीं साढ़े आठ बजे से संझा छौ बजे ले खुलल रही। एकरे पहिले टिकट खिडकी के खुलले क समय भिन्नहीं साढ़े नौ बजे रहल।

**********

प्रदेस के कई जिलन में बुध के राति हल्लुकाहे बरखा भइले के नाते बीतल कई दिन से जारी भीसण गरमी से काल्हि कुछु राहति मिलल रहे बाकिर आजु दिन में एक बेर फेर से लोगिन के मौसम क ताप झेले के परल। येह बिच्चे मौसम विभाग क अनुमान हौ कि प्रदेस के पूरबी हिस्सन में आजु राति से बिहने संझा के बिच्चे गरज–चमकि के साथे हल्लुक से मध्यम बरखा हो सके ला, जबकि बिहने पश्चिमी उत्तर प्रदेस के कई जिलन में लुह चलले क आसंका हौ।

**********